GLOBAL EKOLOGIK MUAMMOLAR, CHO'LLANISH VA OZIQ-OVQAT XAVFSIZLIGI
*Respublika ilmiy-amaliy konferensiyasi,* 2026-yil 2-iyun, Qoraqalpog'iston qishloq xo'jaligi va agrotexnologiyalar instituti, Nukus

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDAǴI DÁRILIK ÓSIMLIKLERINIŃ HÁZIRGI JAǴDAYI

**DOI: https://doi.org/10.66073/ReFocus-Conf/QAXAI/1025**

**Berdimuratova Aqsungul Abubakir qizi**
Qaraqalpaqstan awil xojaliǵi hám agrotexnologiyalar institute Ekologiya qánigeligi 4-kurs studenti

## ANNOTATSIYA

Maqalada Qaraqalpaqstan Respublikası sharayatında dárilik ósimliklerdiń analizi keltirilgen. Qaraqalpaqstanda 360 túr dárilik ósimlik ósip, barlıq ósimliklerdiń 37% ten kóbi dárilik ósimlikler bolıp esaplanadı.

**Tayanish sózler:** ósimlik, dárilik qásiyeti, óndiris, jergilikli farmacevtika, kóbeytiw biologiyalıq hár túrlilik.

Dárilik ósimlikler — adam hám haywanlardı emlew, keselliklerdiń aldın alıw ushın, sonıń menen birge, azıq-awqat, parfumeriya hám kosmetika sanaatında isletiletuǵın ósimlikler esaplanadi. Jer júzinde dárilik ósimliklerdiń 10—12 mıń túri bar ekenligi anıqlanǵan. 1000 den artıq ósimlik turiniń ximiyalıq, farmakologik hám iyis ózgeshelikleri tekserilgen.

Ózbekstanda dárilik ósimliklerdiń 700 den artıq túri bar. Usılardan tábiyiy sharayatta ósetuǵın hám ıqlimlastırılgan 120 ǵa jaqın ósimlik túrlerinen ilimiy hám xalıq meditsinasinda paydalanıladı. Házirgi dáwirde medicinada qollanılatuǵın dári-dármanlardıń 40—47% ósimlik shiyki onimlerinen alınadı. Ósimlikler quramalı dúzilisine iye bolǵan janlı tábiyiy ximiyalıq laboratoriya bolıp, ápiwayı organikalıq bolmaǵan elementlerdan quramalı organikalıq elementlar yamasa birikpelerdi jaratıw qábiletine iye. Dárilik ósimliklerdiń qurıtılgan oti, burtigi, túbiri, túbirpaxali, tuyenshesi, piyazı, japraǵi, guli, ǵumshası, mıywesi (tuqimi), dánegi, sherbeti, qaynatpasi, efir mayi hám basqalardan dáridarmon formasında paydalanıladı.

Qaraqalpaqstanda 360 túr dárilik ósimlik ósip, barlıq ósimliklerdiń 37% ten kóbi dárilik ósimlikler bolıp esaplanadı.Qaraqalpaqstanda ósetuǵin ayrim darilik ósimliklerdiń kórip shiqsaq.

***Salsola rishteri Karel*.- sherkez**. Sherkez ósimligi-Amaranthaceae semyasına tiyisli bolıp,ol iri puta yamasa terek. Qaraqalpaqstannıń qumlı jerlerinde, Qızılqumda ósedi. Bul ósimlik shólistanǵa beyimlesken, shaqalı, qońır reńge iye. Japıraqları iyne tárizli sur jasıl reńde boladı.Soǵan baylanıslıonıń suwdı parlandırıwı júdá az muǵdarda boladı.Tamır sisteması jaqsı rawajlanǵan bolıp,topıraqqa tereńge ketip,ıǵallı qatlamda kúshli shaqalanıp ósedi.Sherkezdiń gúli bes japıraqlı gúlqorǵannan ibarat mayda, kórimsiz,joqarıda jaylasqan japıraqlardıń qoltıǵında boladı. Miywesi qızǵısh boladı.




**1-súwret. Sherkez**

***Hyoscyamus niger L.*-Mıńdiuana.** Bul eki jıllıq, shóp deneli ósimlik. Birinshi jılı tamır moynınan top japıraq payda etip, ekinshi jılı dáslep ápiwayı,soń 30-80sm li shaqalanǵan paqal payda etedi. Japıraqları paqalda izbe-iz jaylasqan, uzınsha máyekke uqsaǵan,ishki plastinkaları tilkimleńen japiraq sabaǵına túsedi. Tamır moynınan payda bolǵan japıraqlardıń uzınlıǵı 30 sm,eni 3-10sm. Paqaldaǵı japıraqlar otırmalı 15 sm ge shekem uzınlıqta, 10 sm ge shekem enlikke iye boladı.

Gúlleri otırmalı, dáslep paqal ushında júdá tıǵız jaylasqan bolsa da, gullep bolǵannan keyin gul toplamı yzayadı. Gúl kese japıraǵı túsip qalmaydı. Gúl japıraqları birikken 5,sharshar tárizli túsip qalatuǵın japıraqlar boladı.



**2-súwret. Mıńdiuana**

***Equisetum ramosissimum*.Qırıqbuwın-**Qırıqbuwınlar tuqımlasına kiretuǵın sporalı,kóp jıllıq shóp deneli ósimlik .May ayında gúllep,iyul ayında tuqım beredi. Ámiwdaryanıń zamanagóy deltası hám tegisliginde tarqalǵan, Nókistiń ishinde hám átirapında, jap salmalardıń, kanallardıń boylarında ushırasadı. Geografiyalıq kelip shıǵıwı boyınsha jer orta teńizi goloarktikalıq. Tuxım beretuǵın paqalları erte báhárde payda boladı. Olardıń putaǵı bolmaydı, paqalı ashıq qońır yamasa qızǵılt túsli keledi.



**3-súwret. Dala qırıqbuwını**

Qırıqbuwınnıń shóbinde krem kislotası júdá kóp bolıp, onıń muǵdarı 25% ke jetedi hám 10% ke deyin kalıy boladı.Qırıqbuwınnıń kók sporasız paqalında 5% saponinler, alkaloidlar, nikotin, ekvizetin h.t.b.bar.

***Malacocarpus crithmifolius* (*Retz.*) C.A.Mey-Qanshiye.** Puta deneli ósimlik, biyikligi 1,5 metr, kúshli shaqalanǵan, shaqasınıń qabıǵı jıltır, japıraǵınıń uzınlıǵı 2-6 sm úsh shaqalı tilkimlengen. Gúliniń uzınlıǵı 10 mm sarıǵısh reńli, jińishke gúl ayaǵı menen paqalǵa birikken. Miywesi qızıl jemis.Ol Ózbekistan «Qızıl kitabına» júdá siyrek ósimlik retinde kirgizilgen. Ol bizde Ústirtte taslı

topıraqlarda ósedi. Bul ósimliktiń ximiyalıq quramın B.Járekeev izertlegen hám onda alkaloidlardıń kóp ekenligin anıqlaǵan. Bul ósimliktiń qaynatpası hár túrli keselliklerge em bolıp qalmastan, qannıń aǵıwın toqtatıw maqsetinde qollanıladı. (Dawletmuratov 1992)



**4-súwret. Qanshiye**

***Tamarix ramosissima Lebed*-Qızıl jıńǵıl.** Boyı 3 metrge jetetuǵın puta ósimligi. Respublikamızdıń barlıq jerlerinde ósedi. Olar ızǵarlı kebirde keń tarqalǵan. May ayında gúllep, sentyabrde miyweleydi.

Onıń ximiyalıq quramı júdá bay. S.Dawletmuratovtıń (1992) ilimiy jumıslarında tamırı 4,5% dubil zatlarına iye. Onda paqal hám japıraǵında alkaloidlar, kumarinler, flahámnoidlar 27,3%, steroidlar, metilxolstanol, etilxolstanol, xolesterin, metilxolsterol, etilxolsterol, avenasterol, antecionlar, kvertsetin, izokvertsetin,tamarixkversetin, tamariksin, kempferol hám taǵı basqa zatlar boladı.

Onıń paqalınan tayarlanǵan qaynatpa revmatizmge, sipliske, gúliniń qaynatpası asqazan-ishek kesellikleriпе, eń baslısı qan aǵaıwdı toqtatıwǵa paydalanıladı (Dawletmuratov 1992).



**5-súwret. Qızıl jıńǵıl**

***Erigeron canadensis L*.-Quray, sıyır quyrıq.** Boyı 100 sm ge jetetuǵın bir jıllıq shóp deneli ósimlik.Paqalı tik ósetuǵın,joqarı bólegi shaqalanǵan, bez túkler menen qaplanǵan, japıraqları nishterge uqsaǵan.Sebetleri bir neshe gúlleri mayda, diametri 3-5 mm. May-sentyabr ayında gúllep tuqımlaydı. Ústirtte, Ámiwdarya alabında keń tarqalǵan. Ósimliktiń japıraǵı hám gúli 0,3-0,6% efir mayına iye. Jer ústińgi bólegi dubil zatlar, japıraǵı vitamin S, kayshuk hám alkaloid sintezleydi (Xamidov, Nabiev, Odilov 1987)

***Alhagi pseudalhagi* (*Bieb*) *Desy*-Jantaq** kópshilikke belgili sobıqlılar tuqımlasına kiretuǵın tikenlikóp jıllıq shóp deneli ósimlik. Boyı 50-110 sm. Paqalınıń tómendegi tikenleri qattı 7-15 mm uzınlıqta, juwanlıǵı 1-1,5 mm, al joqarıdaǵı tikenleri uzın hám jumsaq boladı. Japıraqları lancet sıyaqlı, ápiwayı, shetleri tegis, paqalǵa qısqa sabaqları menen izbe-iz jaylasqan. May sentyabr aylarında gúllep, avgust- oktyabr aylarında tuqımlaydı. Gúlleri qızıl, tuqımı búyrek tárizli. Gúllew dáwirinde jer ústi bólimi orıp alınıp, saya jerlerde keptiriledi. Jantaq Qaraqalpaqstannıń barlıq

territoriyalarında tómen, sapasız isleńen jerlerde, shóllerde, kebirlew topıraqlarda,Ámiwdárya alabında ósedi.Jantaqta organikalıq kislotalar, qantlar, vitamin S, vitamin A, vitamin V, vitamin K, safoninler, alkaloidlar, glikozidler, lahámnoidlar, dubil zatları, kumarin, efir mayları, kament hám tağı basqa zatlar boladı.



**6-súwret. Quray, sıyır quyrıq**

Xalıq medicinasında jantaqtıń tamırınan tayarlanǵan qaynatpa babasırdı, jaralardı emlewde, ishten qan aqqanda, qan aralas ish ótkende, qandı toqtatıw ushın qollanıladı. Jantaqtıń paqalınıń qaynatpası hám nastoykası fitoncitlik qásiyetine iye bolıp, onı dizenteriyağı, murın hám jutqınshaq keselliklerine, jatır moynınıń eroziyasına, otitke, ańenaǵa qollanıladı. Jantaqtan tayarlanǵan shay shóldi qandırıp, terdiń shıǵıwın páseytedi.



**7-súwret. Jantaq**

***Artemisia terra albae H.Krassh*-Aq juwsan.** Kóp jıllıq yarım puta ósimlik,biyikligi 30-40sm. Quramalı gúlliler tuqımlasına jatadı.Paqalı keń shaqalanǵan, japıraqları mayda boladı. Aq juwsan sentyabr-noyabr aylarında gúllep,miyweleydi. Tuqımı mayda qońır sozıńqı, gúli sarı boladı. Tiykarınan tuqımı arqalı kóbeyedi.

Aq juwsan Qaraqalpaqstannıń barlıq jerlerinde keńnen tarqalǵan. Ol tiykarınan Ústirtte hám Qızıl qumda kóplep ushırasıp,sazlı topıraqlarda,qumda jaqsı rawajlanadı. Bul tiykarınan Qızıljar, Qusqanataw, Qubataw Qabaqlıata,Beltaw hám Nókistiń átirapında keńnen tarqalǵan.



**8-súwret. Andız**

***Inula britannika L.* Andız-**Bir jıllıq shóp ósimligi bolıp, biyikligi 80 sm den aslam hám quramalı gúlliler tuxımlasına jatadı.Iyunde gúllep, avgustta miyweleydi. Qaraqalpaqstannıń ıǵallı topıraqlarında, toǵay massivlerinde, partaw jerlerde, Qusqanataw, Beltaw, Sultanwayis tawı hám

Ústirtte keńnen tarqalǵan. Ázzi shorlı topıraqlarda japtıń hám kóllerdiń jaǵalarında puta ósimlikler arasında jaqsı ósedi.

Andızdıń jer ústi bóliminde alkaloid izleri, tamırında efir mayı,inulin, saponin hám jelim zatlar bar. J.Qurbanov, B.X.Jarekeev, Q.U.Uteniyazovlar ósimliktiń gúllew dáwirinde teksergende alkaloidtıń bar ekenligi anıqlanǵan.

Xalıq medicinasında andız tamırınıń qaynatpası qaqırıq túsiriwshi hám bawır awırıwlarında, ót aydawshı dári retinde qollanıladı.Shiresin jaralardı, irińli jaralardı hám ekzemanı emlew ushın paydalanadı**.**

## FOYDALANILGAN ADABIYOTLAR

1. Шербаев Б.Ш. Флора и растительность Каракалпакии. Нукус «Каракалпакстан» 1988. 70-75с.
2. С.Е.Ережепов Основные и дикорастущие лекарственные растения Каракалпакии и их значение Издательство «Каракалпакстан» 1971. 33-35.
3. B.Yo.Tuxtaev, T.X.Maxkamov, A.A.Tulaganov, A.I. Mamatkarimov. Dárilik hám ozuqobop ósimliklar plantatsiyalarini tashkil etish hám xom ashiyosini tayorlash bóisha Iyóriqnoma Toshkent – 2015. 12-14b.
4. Eshmuratov R.A., Ajiev A.B. Qoraqalpoǵiston Dárilik ósimliklari Toshkent «Tafakkur avlodi» 2020. 15-35b.
5. Э.Т.Бердиев, Э.Т.Ахмедов Табиий доривор усимликлар Тошкент- 2018
6. С.Т.Акромов «Усимликлар дунёси ва алкалоидлар» Узбекистон фанлар академиясининг нашриёти Тошкент-1961. 5-10b, 25-35b, 40-55b.
7. O.K.Xojimatov, X.Q.Xaydarov, D.T.Xamraehám, D.A.Imomohám, A.N.Xujanov Ózbekiston Dárilik ósimliklar atlasi. Óquv qóllanma Samarqand-2021.